

**MAKSIM KECOCOGAN LAN MAKSIM KASIMPATIAN SAJRONE
KOLOM KOMENTAR *KONTEN YOUTUBE* “AKU WONG JAWA” DENING
BAYU SKAK**

E-JOURNAL



**Dening:
TRI WAHYU WIDODO
15020114021**

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH**

2020

MAKSIM KECOCOCHAN LAN MAKSIM KASIMPATIAN SAJRONE KOLOM KOMENTAR KONTEN YOUTUBE “AKU WONG JAWA” DENING BAYU SKAK

Tri Wahyu Widodo

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
triwidodo@mhs.unesa.ac.id

Dr. Surana, S.S., M.Hum

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Basa minangka salah sijine budaya sing nduweni fungsi minangka alat *komunikasi* antara individu siji lan liyane. Maneka wujud basa sing katuturake dening pawongan iku mesthi nduweni prinsip tata basa, salah sijine maksim, mligine maksim kecocogan lan maksim kasimpatian. Basa uga digunakake ing medhia massa. Jaman saiki, medhia massa ora mung saka warta cethak, ning uga ana warta ing internet. Salah sijine sing digandrungi para mudha yaiku medhia sosial *Youtube*.

Sajrone *Youtube*, ana kolom komentar kanggo menahi panemu kanggo *konten* kasebut. *Konten video Youtube* sing nduweni judhul “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak ngandhut komentar utawa panemu sing maneka warna. Ana sing positif lan negatip. Tulisan neng kolom komentar iku mau mujudake maksim kesopanan, amarga pawongan kasebut nuturake nganggo basa sing apik lan ngemot isi sing positif kanggo sing nggawe *konten* yaiku Bayu Skak. Mula panliti nglakokake panliten kanthi irah-irahan “Maksim kecocogan lan maksim kasimpatian sajrone Kolom Komentar *Konten Youtube* “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak”.

Panliten iki kalebu jinis dheskriptif kualitatif, kang asipat sinkronis. Dhata sajrone panliten iki yaiku maksim kecocogan lan maksim kasimpatian ukara sajrone *kolom komentar* konten *Youtube* “Aku Wong Jawa” karyane Bayu Skak. Dhata-dhata ing panliten iki yaiku arupa pethikan ukara-ukara sing dijupuk saka komentar-komentar sing ana.

Panliten iki ngasilake dudutan yen saben perangan nduweni titikan sing mbedakake saben maksim. Paugeran iki kadudut saka maneka tuladha dhata ing panliten iki. Dhata sing ana dianalisis kanthi teori sing kapilih, saengga nuwuhake paugeran saben maksim. Sepisan, adhedhasar jlentrehan ing ndhuwur, maksim kecocogan nduweni titikan yaiku anane tumindak utawa kahanan sing nyethakake pasarujukan antarane panutur lan mitra tutur saka pirembugan sing diandharake. Kaloro, adhedhasar jlentrehan analisis dhata ing ndhuwur, maksim kasimpatian nduweni titikan yaiku anane tumindak, kahanan, utawa andharane panutur utawa mitra tutur ngandhut rasa sing dirasakake.

Tembung wigati: Pragmatik Maksim, Maksim Kasimpatian, Maksim Kecocogan, Kolom Komentar

PURWAKA

1.1 Landhesan Panliten

Basa minangka salah sawijine budaya sing nduweni nilai paling dhuwur ing pakulinane manungsa sing nduweni fungsi minangka alat *komunikasi* antara individu siji lan individu liyane. Surana (2015) ngandharake menawa, sajrone komunitas utawa klompok mbutuhake basa kanggo sarana komunikasi, ateges basa minangka sawijine piranti sing wigati kanggo lumakune urip sesambungan padinan. Bebrayan nggunakake basa kanggo nggayuh warta ngenani bab tartamtu. Basa minangka alat *komunikasi* tuwuh lan dibutuhake ing

pirang aspek utamane ing pakulinane manungsa. Saliyane iku, basa dhewe bisa digunakake kanggo njlentrehake gagasan, panemu, rasa, lan apa-apa wae sing dikarepake dhiri pribadi bisa agawe wong liya mangerteni.

Maneka warna wujud basa sing katuturake dening pawongan iku mesthi nduweni unsur utawa prinsip tata basa, salah sawijine maksim, mligine bab maksim kecocogan lan maksim kasimpatian. Basa saliyane digunakake ana ing bebrayan, uga digunakake ing medhia massa. Jaman saiki, medhia massa ora mung saka warta cethak, ning uga saka warta sing ana ing internet.

Nurutu lakune jaman uga, cecaturan utawa komunikasi ora mung lumantar ketemuan, ning uga bisa liwat medhia sosial sing ana ing internet. Maneka wernane medhia sosial kayata *Whatsapp, Instagram, Line, Twitter, Youtube*, lan liya-liyane. Salah sawijine sing digandrungi para kawula nom lan mudha yaiku medhia sosial *Youtube*.

Youtube minangka sawijine medhia sing kondhang kaloka ing jaman saiki. Para kawula nom lan mudha padha akeh sing weruh apa iku *Youtube*. Ing *Youtube*, para *warganet* bisa ngolehake utawa ngandharake informasi lumantar konten-konten sing digawe. Aneng ngisore konten-konten iki mau, mesthi ana kolom komentar utawa kolom komentar sing gunane kanggo menahi panemu-panemu kanggo konten kasebut.

Salah sawijine konten video *Youtube* sing nduweni judhul “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak ngandhut komentar utawa panemu sing maneka warna. Ana sing awujud positip lan negatip. Panemu-panemu sing awujud positip iki sing bisa mujudake maksim kesopanan. Sawijine ing tuturan 1) “Mas Bay, aku support sampeyan 100%, Mas. Aku lair neng Jawa, gedhe neng Jawa, aku wong Jawa” nuduhake anane maksim kecocogan basa kanthi nuduhake panyengkuyung. Komentar sing diandharake dening panutur iki mujudake panemu mitra tutur kanthi nuduhake sarujuk marang tuturane Bayu Skak.

Tulisan neng kolom komentar iku mau mujudake maksim kesopanan, amarga pawongan kasebut nuturake nganggo basa sing apik lan ngemot isi sing positip kanggo sing nggawe konten yaiku Bayu Skak. Saliyane iku, panliti nglakokake panliten ngenani “Maksim kecocogan lan Maksim Kasimpatian sajrone Kolom Komentar Konten Youtube “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak” iki jalaran ana sajrone kolom komentar kasebut ngandhut bab-bab sing manjila lan mirunggan sing marakake narik kawigaten panliti kanggo nлити bab kasebut. Tuladhane panliti melu ngrasakake apa sing dirasakake dening para pawongan sing urun rembug utawa komen ana ing kolom komentar kasebut. Panliti ngrasakake kasarujukan kalawan apa sing ditulis ing kolom komentar kasebut. Panliti uga melu mangkel, sedhik, seneng, lan uga bombong, padha sing dirasakake para *warganet* sing nulisake komentare sajrone kolom komentar ing konten *Youtube* “Aku Wong Jawa” iki. Rasa handarbeni marang kabudayan Jawa uga sing agawe panliti melu ngrasakake apa sing dirasakake banjur ditulis pra pawongan sing ana sajrone kolom komentar konten *Youtube* kasebut. Ora mung marang pra pawongan iku, uga marang Bayu Skak sing nduweni lan nggawe konten “Aku Wong Jawa” kasebut.

Saka kabeh andharan sing wis dijlentrehake kaya ing ndhuwur, mula panliti bakal nglakokake panliten kanthi irah-irahan “Maksim kecocogan lan Maksim Kasimpatian sajrone Kolom Komentar Konten Youtube “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak” sing nduweni bab manjila lan uga mirunggan jalaran sajrone kolom komentar kasebut akeh sing makili suara-suara wong Jawa sing nduweni rasa handarbeni marang kabudayan Jawa sing dielek-elek. Panliten iki katindakake nganggo tintingan pragmatik.

1.2 Uderan Panliten

Adhedhasar jlentrehan ing lelandhesan panliten, mula underane panliten iki yaiku :

- (1) Kepriye wujud maksim kecocogan basa sajrone kolom komentar konten youtube “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak?
- (2) Kepriye wujud maksim kasimpatian basa sajrone kolom komentar konten youtube “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak?
- (3) Kepriye fungsi maksim kecocogan lan kasimpatian basa sajrone kolom komentar konten youtube “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak?

1.3 Ancas Panliten

Saka panliten iki, panliti nduweni tujuwan kanggo :

- (1) Ngandharake wujud maksim kecocogan basa sajrone kolom komentar konten youtube “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak?
- (2) Ngandharake wujud maksim kasimpatian basa sajrone kolom komentar konten youtube “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak?
- (3) Ngandharake fungsi maksim kecocogan lan kasimpatian basa sajrone kolom komentar konten youtube “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak?

1.4 Paedah Panliten

1.4.1 Paedah Teoretis

Pedah teoritis saka panliten iki yaiku panliten iki diajab muga bisa migunani tumrap panyengkuyung kang ngrembakake ilmu pragmatik. Saliyane iku, panliten iki uga bisa migunani tumrap panliten kajian ilmu pragmatik ing wayah sabanjure.

1.4.2 Paedah Praktis

Paedah praktis yaiku muga bisa menahi seserapan lan kawruh ngenani kepriye tuturan sing kalebu maksim kecocogan lan maksim kasimpatian sajrone kolom komentar konten youtube “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak. Saliyane iku, panliten iki diajab bisa menahi

sumbangsih tumrap pasinaon Basa Jawa ing sekolahan lan ing bebrayan.

1.5 Wewatesane Panliten

Sajrone panliten iki nduweni wewatesan amrih nggampangake panliti kanggo nlinti objek. Supaya panliti bisa focus ana ing konsep panliten sing wis dironce, watese objek sing ditliti sajrone panliten iki diperang dadi loro, yaiku :

- (1) Wujud maksim kecocogan lan basa sajrone kolom komentar *konten youtube* “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak.
- (2) Wujud maksim kasimpatian basa sajrone kolom komentar *konten youtube* “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak.
- (3) Wujud fungsi maksim kecocogan lan kasimpatian basa sajrone kolom komentar *konten youtube* “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak?

1.6 Panjlentrehe Tembung

- 1) *Konten youtube* yaiku sawijine informasi sing awujud *video* lan dibuka lumantar *internet*.
- 2) Kolom komentar yaiku, sawijine panggonan kanggo ngandharake pamanggih tumrap *video* sing dideleng.
- 3) Kesopanan yaiku pranatan sosial kang nuduhake sipat utawa tumindak lakune pawongan sajrone urip bebrayan.
- 4) Maksim yaiku sawijine prinsip kang kudu dianut dening panutur sajrone komunikasi marang mitratutur.
- 5) Maksim kecocogan yaiku nyilikake rasa ora sarujuk klawan wong liya, lan nggawe gedhe rasa sarujuk klawan wong liya.
- 6) Maksim kasimpatian yaiku nggawe cilik rasa antipati marang wong liya, lan nggawe gedhe rasa simpati marang wong liya.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

2.1 Panliten Saemper

Bab iki bakal ngandharake ngenani panliten sadurunge utawa panliten sing meh padha karo panliten sing arep ditliti. Panliten sing meh padha karo panliten iki kaya dene panliten ing ngisor iki.

Rinjanika (2006) kanthi irah-irahan *Kesantunan Berbahasa Dalam Percakapan Remaja Surabaya Dalam Komunikasi Informal*. Sajrone panliten iki ngandharake ngenani kepriye cecaturan para rumaja ing dhaerah surabaya kang ngandhut maksim *kerjasama* lan maksim kasopanan. Asil saka skripsi iki yaiku luweh akeh maksim kesepakatan kang diolehi sajrone cecaturane para rumaja ing dhaerah Surabaya tinimbang maksim kasopane.

Bab sing padha saka panliten sing ditindakake iki klawan panliten saemper duweke Rinjanika iki nlinti ngenani kasopanan basa. Bedane, punjere saka garapan Rinjanika iki ana ing kasantunan basa sajrone pacaturan rumaja Surabaya sing ana njerone *komunikasi informal*. Banjur, panliten sing ditindakake iki punjere ngenani maksim kecocogan lan kasimpatian basa sajrone kolom komentar *konten youtube* “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak.

Wakaimbang (2016), kanthi irah-irahan *Kesantunan Berbahasa Dalam Grup Facebook Forum Bahasa Indonesia Pada Mahasiswa Prodi Pendidikan Bahasa Dan Sastra Indonesia Fkip Unila Angkatan 2013 Dan Implikasinya Terhadap Pembelajaran Bahasa Indonesia Di SMA*. Tujuan saka panliten iki kanggo ndheskripsikake kasopane basa aneng grup *Facebook Forum Bahasa Indonesia* tumrap mahasiswa prodi Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia Fkip Unila angkatan 2013 klas B, lan implikasine tumrap pasinaon basa Indonesia aneng SMA. Panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif. Sumber dhatane saka tuturan sing dituturake mahasiswa Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia sajrone grup *Facebook Forum Bahasa Indonesia* periode September 2014 nganti Desember 2014. Panliten iki nganggo teknik analisis heuristik. Asile panliten, total tuturan sing nggunakake maksim-maksim kecocogan lan maksim kasimpatian, yaiku maksim *kebijaksanaan* saakehe 15 dhata saka 17 realisasi dhata karo presentasene gedhene 88.23%, maksim *penerimaan* ora ditemokake realisasine sajrone dhata sing ana, maksim *kerendahan hati*, saakehe 13 dhata saka 22 realisasi dhata presentasene gedhene 59%, maksim *kemurahan* saakehe 14 dhata saka 14 realisasi dhata karo presentasine gedhene 100%, maksim kacocogan akehe 56 dhata saka 64 realisasi dhata presentasene 87%, maksim kacocogan sabageyan akehe 4 dhata saka 64 realisasi dhata sing presentasene 12%, lan maksim *kesimpatian* akehe 23 dhata saka 23 realisasi dhata sing presentasene 100%.

Bab sing padha saka panliten sing ditindakake iki klawan panliten saemper duweke Wakaimbang iki nlinti ngenani kasopanan utawa *kesantunan* basa, saliyane iku padha-padha ana sajrone medhia sosial. Bedane, punjere saka garapan Wakaimbang iki ana ing kasantunan basa sajrone grup *facebook* forum basa Indonesia mahasiswa prodhi pendhidhikan basa lan sastra Indonesia FKIP Unila angkatan 2013 lan implikasine tumrap pasinaon. Panlitene Wakaimbang iki luwih umum ngenani maksim kasopane. Banjur, panliten sing ditindakake iki punjere ngenani maksim kecocogan lan kasimpatian basa sajrone kolom komentar *konten youtube* “Aku Wong Jawa”

dening Bayu Skak. Ora umum ngenani kabeh isi teka maksim kasopanan.

Pratamanti (2017), kanthi irah-irahan *Kesantunan Berbahasa Dalam Pesan Whatsapp Mahasiswa Yang Ditujukan Kepada Dosen*. Sajrone panliten iki, panliti njlentrehake rong bab ngenani penyimpangan maksim kecocogan lan maksim kasimpatian yaiku, maneka wernane basa sing dinggo sajrone cecaturan antarne mahasiswa klawan dhosen lumantar *Whatsapp*, lan kepriye wujud basa sarta makna sajrone penyimpangan maksim kecocogan lan maksim kasimpatian sing dumadi aneng cecaturan mahasiswa klawan dhosen lumantar medhia *Whatsapp*. Panliten iki ngasilake dudutan menawa akeh tuturan-tuturan sing durung ngemot babagan kasopanan sing apik, utawa iku mau bisa diarani karo penyimpangan prinsip kasopanan sajrone cecaturan antarane mahasiswa klawan dhosene. Basa sing digunakake para mahasiswa dhewe akeh sing ngemot basa sing asipat *kekinian* utawa *gaul*, cara nyampekake tuturan sing ora sopan, lan panganggone aspek paralinguistik sing ora trep.

Bab sing padha saka panliten sing ditindakake iki klawan panliten saemper duweke Pratamanti iki nliti ngenani kasopanan utawa *kesantunan* basa mligine maksim kecocogan lan kasimpatian, saliyané iku padha-padha ana sajrone medhia sosial. Bedane, punjere saka garapan Pratamanti iki luwih fokus menyang penyimpangan maksim kecocogan lan kasimpatian sing ana ing sajrone cecaturan antarane mahasiswa lan dhosen lumantar medhia *Whatsapp*. Banjur, panliten sing ditindakake iki punjere ngenani maksim kecocogan lan kasimpatian basa sajrone kolom komentar *konten youtube* “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak. Ora ngenani penyimpangane maksim kecocogan lan kasimpatian iku dhewe.

Christina (2019) kanthi irah-irahan *Maksim Pangalembana lan Maksim Anorrage sajrone Film “Yowis Ben”*. Sajrone panliten iki ngandharake ngenani maksim pangalembana lan maksim anorrage sing ana njerone film “Yowis Ben”. Kaloro maksim iki dideleng saka pamilihane tembung sing dituturake paraga sajrone film “Yowis Ben” dhewe. Tujuwan saka panliten iki yaiku kanggo nggoleki wujud katrapsilan basa mligine bab maksim pangalembana lan maksim anorrage sajrone film “Yowis Ben”, lan topik utawa objek pacaturan sing bisa diarani katrapsilan basa sajrone film “Yowis Ben”. Panliten iki kalebu jinis panliten kualitatif sing nggunakake metodhe panliten dheskriptif kualitatif. Asil saka panliten iki yaiku anane prinsip katrapsilan basa, mligine maksim pangalembana lan maksim anorrage. Maksim-maksim kasebut ora naming dideleng saka tuturan, nanging uga saka konteks saben tuturan.

Bab sing padha saka panliten sing ditindakake iki klawan panliten saemper duweke Christina iki nliti ngenani kasopanan utawa *kesantunan* basa. Bedane, punjere saka garapan Christina iki luwih fokus menyang maksim pangalembana lan maksim anorrage sing ana ing sajrone film “Yowis Ben”. Banjur, panliten sing ditindakake iki punjere ngenani maksim kecocogan lan kasimpatian basa sajrone kolom komentar *konten youtube* “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak.

Solikhah (2019) kanthi irah-irahan *Maksim Kecocogan lan Maksim Kasimpatian sajrone Medhia Sosial Whatsapp Grup Klas Hercules 2015 C*. Tujuwan saka panliten iki yaiku supaya bisa meruhi tingkatan kecocogan lan kasimpatian sing diduweni para mahasiswa jurusan basa Jawa klas 2015C taun 2018. Panliten iki objeke kajupuk saka *whatsapp*, banjur, asile saka panliten iki bisa diweruhi ngenani wujud kacocogan lan kasimpatian sing digawe cecaturan sabendinan sajrone grup klas Hercules 2015C taun 2018, saka teori katrapsilan basa miturut Leech dijupuk rong maksim, yaiku (1) maksim kacocogan sing diperang dadi makism kacocogan laras lan maksim kacocogan menyimpang, (2) Maksim kasimpatian uga diperang dadi loro yaiku maksim kasimpatian laras lan maksim kasimpatian nyimpang. Antarane maksim kacocogan laras lan nyimpang, dipantha dadi loro adhedhasar tuturane yaiku sing dituturake kanthi blaka lan samudana. Semana uga maksim kasimpatian laras lan nyimpang, dipantha dadi loro adhedhasar panampane mitratatur yaiku kasimpatian laras lan nyimpang sing ditampa lan ditampik.

Bab sing padha saka panliten sing ditindakake iki klawan panliten saemper duweke Solikhah iki nliti ngenani kasopanan utawa *kesantunan* basa. Mligine bab maksim kecocogan lan maksim kasimpatian. Bedane, punjere saka garapan Solikhah iki luwih fokus menyang maksim kecocogan lan maksim kasimpatian sing ana ing sajrone medhia sosial grub *Whatsapp* klase dheweke, yaiku Klas Hercules 2015C. Banjur, panliten sing ditindakake iki punjere ngenani maksim kecocogan lan kasimpatian basa sajrone kolom komentar *konten youtube* “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak.

2.2 Teori Panliten

Sajrone teori panliten iki bakal diandharake ngenani, (1) Basa, (2), Pragmatik, (3) Maksim kecocogan lan maksim kasimpatian, (4) Cecaturan, (5) Medhia Sosial, (6) Kolom Komentar *Konten Youtube*.

2.2.1 Basa

Basa iku wujud piranti kanggo mangun *interaksi* antarane manungsa siji lan liyane uga antarane klompok siji marang klompok liyane. Basa minangka piranti sing utama sajrone urip lan panguripan manungsa (Basir,

2010:21). Wiwit nalika semana nganti saiki, basa ora bisa uwal saka panguripane manungsa. Basa bisa digunakake kanggo medharake rasa sing dirasakake salah sijine pawongan supaya wong liya iku weruh apa sing dirasakake pawongan kasebut.

Ana ing bebrayan, basa minangka sarana nyambung keraketan kayata cecaturan, takon, dhiskusi, mrentah, lsp. Miturut Anderson (1972:35) sajrone (Basir, 2010:2) hakikat basa nduweni wolung prinsip yaiku, (1) basa minangka salah sijine system, (2) basa minangka vocal (*bunyi ujaran*), (3) basa kasusun saka lambing-lambang *mana suka*, (4) saben basa nduweni sipat sing manjila, (5) basa disusun saka pakulinan-pakulian, (6) basa minangka piranti komunikasi, (7) basa ana gegayutane marang budaya sing aneng papan panggonan kasebut, (8), basa mesthi owah. Prinsip iku kabeh wis mesthi dadi apa sing ngetutake babagan basa iku dhewe.

Miturut Solehudin (2009:1) basa yaiku salah sawijine titikan sing bisa mbedakake manungsa karo makluk-makluk liyane. Ilmu sing nyinaoni ngenani teges lan titikan basa iki diarani ilmu linguistik. Saliyane iku, basa bisa dideleng saka maneka pamawas lan menehi kawigaten sing mligi aneng bab basa sing beda-beda sajrone *struktur* sing beda-beda uga.

Dadi, saka kabeh andharan neng ndhuwur bisa kadudut yen basa minangka alat komunikasine manungsa klawan manungsa liyane. Basa ora bisa uwal saka panguripan sabendinane manungsa ing alam donya iki. Basa dhewe arupa sistem sing nduweni tatanan sing ora tanpa paugeran. Basa uga dadi pambada antarane manungsa klawan makluk-makluk reriptane Gusti Pengeran sing liyane kayata kewan lan tetuwuhan.

2.2.2 Pragmatik

Pragmatik mujudake cabang ilmu basa sing ing wektu iki saya misuwur senadyan ing rong dasawarsa kepungkur arang kasebut dening para ahli basa. Miturut Yule (2006:3) njlentrehake yen pragmatik iku minangka cabang ilmu basa sing nyinaoni makna sing dikarepake dening panutur lan bakal ditegesi dening mitra tuture. Bab kasebut ateges yen pragmatik iku sawijine pasinaon kanggo nyinaoni basa sajrone panganggone sarta maknane sing kaasilake saka ukara sing bisa diweruhi kanthi ndeleng konteks sajrone tuturan kasebut.

Leech (1993:8) menehi wewatesan pragmatik yaiku *studi* ngenani makna sajrone komunikasi sing gegayutan kahana ujar (*speek situation*). Morris (sajrone Nadar, 2009:2) pragmatik yaiku cabang linguistic sing nyinaoni basa sing digunakake kanggo komunikasi sajrone kahanan tartamtu. Yen pamawase Levinson, pragmatik yaiku pasinaon ngenani relasi antarane basa lan konteks sing mujudake dhasar kanggo ngerteni basa,

utawa bisa dotegesi yen pasinaon ngenani kabisane para panganggo basa saperlu nyambungake tetembungan lan kontek-konteks sing trep (1983:27).

Yule (2006:4) sing dijarwakake dening Wahyuni ngandharake yen pragmatik minangka pasinaon ngenani makna kontekstual. Tegese, konteks iku mujudake bab sing penting sajrone titingan pragmatik (Nadar, 2009:6). Konteks sing disinaoni aneng pragmatic nduwe sesambungan karo budaya sing beda-beda saka bebrayan siji klawan liyane. Wijana (1996:11) konteks yaiku sakabehane landhesan sing padha-padha diweruhi dening panutur lan mitratutur. Dene Leech (2011:20) negeske yen konteks mujudake kawruh dhasar sing diduweni dening panutur saengga mitra tutur bisa nampa maksud saka apa sing dituturake panutur.

2.2.3 Maksim Kasopanan

Kasopanan umume ana gandheng cenenge karo pawongan siji lan sijine. Prinsip kasopanan iki gandheng karo rong pandherek tutur, yaiku awake dhewe minangka panutur, lan uga wong liya minangka mitratutur. (Dewa Putu Wijana sajrone laman <https://littlestoriesoflanguages.wordpress.com/2012/05/16/prinsip-kesopanan-politeness-principles/> dideleng 29 Juni 2019). Akeh para ahli sing nduweni panemu ngenani bab iki, yaiku bab kasopanan kayata Leech, Lakof, lsp.

Robin Lakof (1973) ngandharake menawa kasopanan dingrembakakake dening bebrayan kanggo ngalangi friksi utawa gesekan sajrone sesambungan pribadi. Miturut piyambake ana telung jinis paugeran sing kudu dinut kanggo nrepake kasopanan kasebut, yaiku formalitas (formality), kaorategesan (hesitancy), lam pepadhan utawa kekancan (equality utawa camaraderie). Telung paugeran iki nduweni teges dhewe-dhewe, yaiku (1) formalitas ateges ora nganti krungu kaya-kaya meksa, (2) kaorategesan tegese lakonana tumindak sing paribasan ndadekake mitratutur bisa nemtokake pilihan, (3) pepadhan utawa kekancan tegese nindakake tumindak paribasan awakmu lan mitratutur dadi nduweni kalungguhan sing padha. (kapethik saka laman https://id.wikipedia.org/wiki/Kesantunan_berbahasa 1 Juli 2019).

2.2.3.1 Maksim Kacocogan

Maksim Kecocogan minangka perangan saka maksim katrapsilan. Padha dene maksim *penerimaan*, maksim iki diungkapake nganggo ukara-ukara ekspresif lan asertif. Ukara ekspresif yaiku tuturan kang digunakake kanggo nyatakake sikap psikologis pamicara marang kahanan kang ana. Ukara iki nduweni fungsi kanggo ngespresikake, ngungkapake, utawa menehi

weruh sikap psikologis panutur marang kahanan kang bisa dikira-kira dening ilokusi.

Dene ukara asertif yaiku wujud tuturan kang nglibatake panutur marang kabeneran proposisi kang diekspresikake. Maksim kecocogan iki ngewajibake saben-saben panutur lan mitra tutur kanggo ngakehake kecocogan antara kalorne. Lan agawe sithik kaoracocogan antara kalorne.

2.2.3.2 Maksim Kasimpatian

Kayata maksim kecocogan, maksim kasimpatian iki uga diungkapake kanthi tuturan asertif lan ekspesif, uga minangka perangan saka maksim katrapilan. Maksim kasimpatian iki nuntut saben-saben panutur kanggo ngakeh-ngakehi rasa simpati, lan nithikake rasa *antipati* marang lawan tuture. Nalika mitra tutur lagi suka bagya utawa lagi nggayuh kasuksesan, panutur diwajibake melu seneng lan ngucapake selamat marang mitra tuture. Nanging nalika mitra tutur lagi kasusahan utawa lagi kena musibah, panutur kudu melu susah lan bela sungkawa marang kedaden kang dilakoni mitra tutur. Tuturan-tuturan kasebut minangka wujud saka kasimpatian panutur marang mitra tutur.

2.2.4 Pacaturan

Pacaturan yaiku sawijing kagiyatan song dumadi nalika saklompok pawongan teka kanthi bebarengan, banjur nglodhangake wektu kanggo aweh kawruh, panemu, uga ngandharake pangrasane (Rusminto, 2004:106). Miturut Hovland, Janis, lan Kelley sajrone (Muhammad, 2004:23) pacaturan minangka proses sing ditindakake indhividhu kanggo ngirim stimulus kanthi cara verbal antarane wong sing ngirim lan nampa kawruh. Saka panemu para ahli kasebut, bisa didudut yen pacaturan yaiku wujud komunikasi verbal sing bisa menehi kawruh marang para manungsa utawa pawongan sing ana.

Nalika nindakake pacaturan, amrih dadine apik kudu bisa ngebaki telung komponen utama sing ana ing pacaturan. Chaer lan Agustina (2010:17) ngandharake telung komponen sing dimaksud yaiku (1) pawongan sing nindakake pacaturan (panutur lan mitratutur), (2) kawruh sing diwedharake, (3) piranti sing dinggo nalika pacaturan. Saliyane iku, amrih dadi becik uga kudu manut karo prinsip kasopanan, dadi supaya ora ana sing kliru utawa lara ati.

2.2.5 Medhia Sosial

Medhia sosial yaiku salah siji bab sing mesthi rame ana ing *internet* nalika jaman lagi maju-majune kaya saiki. Saka teknologi sing saya ngrembaka, njalarai anane pangrembakan ing medhia *komunikasi* sing salah

sijine ana ing *dunia maya*. Medhia sosial akeh maceme, lan uga medhia sosial nduwe akeh teges, yaiku:

- Medhia *online* sing para panganggone bisa gampang andum, melu, lan ngripatakake isine kayata blog, *jejaring sosial*, *wiki*, *forum*, lan donya *virtual*.
- Medhia *online* sing nyengkuyung interaksi sosial nggunakake *teknologi* abasis web sing ngowahi *komunikasi* dadi dhiialog *interaktif*.
- Miturut Andreas Kaplan lan Michael Haenlein, medhia sosial iku minangka klompok *aplikasi* sing abasis sing diwangun adhedhasar *ideologi* lan *teknologi Web 2.0*, lan mungkenake riptan ijol-ijolan *user-generated content*.

Kapetik saka <https://ptkomunikasi.wordpress.com/2012/06/11/pengertian-media-sosial-peran-serta-fungsinya/>

Saka andharan sing ana, bisa kadudut yen medhia sosial iku salah sijine medhia kanggo *komunikasi* nanging luwih canggih utawa *modern*. Medhia sing luwih bisa nggampangake panganggone kango interaksi klawan panganggo sing liyane lan ora diwatesi wektu utawa papan panggonan.

2.2.6 Kolom Komentar Konten Youtube

Medhia sosial nduwe maneka warna jinis, ing jaman saiki akeh pawongan sing mesthi nggunakake medhia sosial. Sajrone medhia sosial ana *Whatsapp*, *Twitter*, *Facebook*, *Instagram*, *YouTube*, lan liya-liyane. Salah siji sing digandrungi yaiku *YouTube*, *YouTube* dadi wadhah kanggo pawongan andum *informasi* lumantar *konten* sing digawe lan saben *konten* mesthi nduweni wadhah kanggo nyethakakae *komentare*, hla iki sing diarani karo *kolom komentar*.

Komentar dhewe tegese yaiku *ulasan* utawa *tanggapan* saka warta, pidhato, lan sapiturute sing gunane kanggo njlentrehake. Kapetik saka <https://kbbsi.web.id/komentar>. *Komentar* neng kene dhewe kadhang kala bisa diarani komentar utawa panyaru, dadi sajrone *komentar* iki uga ana sing ngomong bab positip kayata nyengkuyung pawongan sing nggawe *konten* iki mau, uga ana sing ngomong bab negatip, kayata maido lan ngelokake yen sing nggawe *konten* kuwi ora pantes lan isine *konten* elek kamangka durung barang mesthi elek.

Konten, bisa diarani yaiku informasi sing ana lumantar medhia utawa produk elektronik. Kapetik saka <https://id.wikipedia.org/wiki/Konten>. *Anggone* mbiyawa rakake konten isa lumantar internet, TV, CD audio lan liya-liyane. Konten sing lumantar *internet* akeh banget sing digandrungi karo manungsa jaman *modern* iki, salah sijine *konten-konten YouTube* sing akeh nawakake informasi sing gampang diolahake neng ngendi

panggone, lan bisa di-akses kapan wae. Maceme konten uga maneka warna, ora mung bab warta, ana hiburan kayata film, lagu, lan liya-liyane.

YouTube, sawijining situs web kanggo andum vidheo sing digawe dening telung karyawan PayPal nalika Februari taun 2005. Kapetik saka <https://id.wikipedia.org/wiki/YouTube>. YouTube iki sing dadi wadah kanggo pawongan nggawe konten lan andum informasi sing awujud vidheo. Infomasine ora mung awujud warta, ning uga ana koyok lagu, trailer film, tutorial, lansapiturute. Akeh-akehe sing nge-upload utawa nggawe konten iku indhividhu, ning uga ana perusahaan sing nggawe konten iku uga kanggo menahi weruh bab perusahaane.

Saka andharan ing ndhuwur, bisa kadudut yen kolom komentar konten Youtube yaiku, wadah kanggo menahi komentar utawa panyaru kanggo vidheo utawa apa wae sing digawe utawa di-upload menyang medhia sosial internet mligine situs Youtube.

2.1 Landhesan Teori

Lelandhesan teori sing digunakake sajrone panliten iki yaiku teori maksim kasopanan Leech. Leech ngandharake yen kasopanan iki dibage dadi nem jinis maksim, maksim *kebijaksanaan* (*tact maxim*), maksim *kedermawanan* (*generosity maxim*), maksim *pujian* (*approbation maxim*), maksim *kerendahan hati* (*modesty maxim*), maksim *kesepakatan* (*agreement maxim*), dan maksim *kesimpatian* (*sympathy maxim*).

Menawa ditegesake, yaiku :

- a) Maksim *kebijaksanaan* : Gawe rugine wong liya sacilik-cilike, lan gawe untung wong liya sagedhe-gedhene.
- b) Maksim *kedermawanan* : Gawe untung sacilik-cilike kanggo awake dhewe, lan nggedhekake rugi sagedhe-gedhene kanggo awake dhewe.
- c) maksim *pujian* : Nyilikake pacelathon kanggo wong liya, lan nggedhekake pangalembana kanggo wong liya.
- d) maksim *kerendahan hati* : Gawe pangalembana cilik sacilik-cilike marang awake dhewe, lan nggedhekake pacelaton marang awake dhewe.
- e) maksim *kesepakatan* : Nyilikake rasa ora sarujuk marang wong liya, lan gawe gedhe rasa sarujuk marang wong liya.
- f) maksim *kesimpatian* : Gawe cilik rasa antipati marang wong liya, lan gawe gedhe rasa simpati marang wong liya.

Miturut Leech saya dawa tuturan sing dituturake pawongan, mula saya gedhe uga anggane pawongan kasebut menahi sikap sopan tumrap mitra tuture. Kasopansantunan lan kawicaksanaan nduweni gegayutan,

yaiku kawicaksanaan minangka salah sijine jinis kasopansantunan. Yen ndeleng sabendinane, mula bisa katon jelas yen sing nduwe sipat kasopanan saka pamicara utawa suwalike. Saka pengalaman kasebut bisa didudut yen saka hakikat kasopansantunan kuwi sipate asimetris, ora sapihak, ora seimbang lan kalorone ora bakal padha.

Miturut Rahardi (2015:66-68), ngandharake sasuwene iki ana telung jinis skala kanggo ngukur ukuran kasopanan sing nganti saiki akeh digunakake minangka dhasar cekelan sajrone panliten kasopanan. Katelu jinis skala kasebut yaiku (1) skala kasopanan miturut Leech, (2) skala kasopanan miturut Brown and Lavinson, (3) skala kasopanan miturut Robin Lakof. Skala kasopanan sing digunakake minangka dhasar kasopanan basa sajrone panliten iki yaiku skala kasopane saka Leech.

Aneng njerone skala kasopanan Leech (1983) saben maksim *interpersonal* iku bisa dimanfaatkan kanggo nemtokake ukuran kasopanan saben tuturan sing dituturake. Skala kasopanan sing dijlentrehake dening Leech, bakal kaandharake ing ngisor iki.

- a) *Cost – benefit scale* utawa skala rugi lan untung, sing luwih nengenake marang gedhe cilike rugine lan untunge sing dijalari dening sawijine tindak tutur marang sawijine tuturan. Saya gedhe tuturan sing ngrugekake panutur, mula tuturan kasebut bisa diarani sopan. Semana uga sawalike.
- b) *Optionality scale* utawa skala pilihan, yaiku skala sing luwih nengenake marang akeh utawa sithike pilihan sing diwenehake panutur marang mitratutur sajrone cecaturan. Saya akeh pilihan sajrone tuturane panutur, mula tuturan kasebut dianggep sopan. Sawalike, nalika panutur ora menahi pilihan marang mitratutur, mula tuturan kasebut dianggep ora sopan.
- c) *Indirectness scale* utawa skala kaora langsung. Skala iki nengenake marang tingkatan langsung lan ora langsung maksud saka sawijine tuturane kasebut. Yen maksud saka tuturane kasebut dinyatakake kanthi langsung, mula tuturan kasebut kalebu tuturan sing ora sopan. Ning, yen maksud tuturan kasebut dituturake kanthi ora langsung, tuturan kasebut kalebu sing sopan.
- d) *Authority scale* utawa kaotoritasan, sing luwih nengenake marang hubungan status sosial antarane panutur lan mitratutur. Saya adoh status sosial antarane panutur lan mitratutur, tuturan sing digunakake bakal saya sopan tinimbang tuturan sing dituturake kanthi status sosial sing cedhek antarane panutur klawan mitratutur. Amarga, saka rakete panutur lan mitratutur bisa njalari kalonge kasopanan basa kasebut.

METODHE PANLITEN

3.1 Titikane Panliten

Titikan sajrone panliten iki kaperang dadi loro, sipat panliten lan jinis panliten sing bakal kaandharake ing ngisor iki.

3.1.1 Jinise Panliten

Panliten kanthi irah-irahan “Maksim kecocogan lan maksim kasimpatian sajrone Kolom Komentar Konten Youtube “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak” iki bakal diandharake ngenani maksim kecocogan lan maksim kasimpatian sing ana ing kolom komentar Youtube. Panliten iki adhedhasar jinise panliten nganggo metodhe panliten dheskriptif kualitatif. Adhedhasar sipat panliten, panliten iki kasebut sipat linguistik sinkronis.

3.1.2 Sipate Panliten

Sajrone panliten iki nduwe sipat singkronis, kaya metodhe sing diandharake dening Ferdinand de Saussure ing taun 1916 (Saussure sajrone Mahsun, 2005:83). Mahsun (2005:84) uga ngandharake yen panliten basa kanthi singkronis yaiku panliten basa sing ditindakake kanthi njingglengi fenomena salah siji basa ing saperangan wektu tartamtu.

3.1 Ubarampene Panliten

Ubarampe sajrone panliten iki kaperang dadi telu, yaiku (1) dhata panliten, (2) sumber dhata panliten, lan (3) instrumen panliten.

3.2.1 Dhata Panliten

Dhata ing kene bakal dijlentrehake kanthi sistematis kanthi dhasar teori sing digunakake dening panliten. Andharan iki cundhuk karo apa sing diandharake dening Suryabrata (2014:38) kuwalitas dhata ditentokake dening kuwalitas piranti ngolehake data lan utawa piranti kanggo ngukur dhata. Objek sajrone panliten maksim kecocogan lan maksim kasimpatian iki yaiku ukara sajrone *kolom komentar* konten Youtube “Aku Wong Jawa” karyane Bayu Skak. Dhata-dhata ing panliten iki yaiku arupa pethikan ukara-ukara sing dijupuk saka komentar-komentar sing ana.

3.2.2 Sumber Dhata Panliten

Panliten iki nglumpukake dhata nggunakake sumber dhata sekunder. Amarga sumber dhata ing

panliten iki saka kolom komentar konten Youtube “Aku Wong Jawa” karyane Bayu Skak.

3.2.3 Instrumen Panliten

Instrumen utama ing panliten iki yaiku panulis panliten iki, minangka panliti objek panliten kasebut. Dene instrumen panyengkuyung yaiku instrumen utawa piranti sing kanggo nambah kuwalitas utawa kuwantitas objek panliten. Instrumen panyengkuyung disaranake ana ing sajrone panliten, minangka panyengkuyung panliten sing ditindakake. Instrumen panliten nduweni paedah sing wigati sajrone panliten. Instrumen kasebut dipilih adhedhasar jinis lan akehe dhata sing digunakake kanggo njlentrehake underane panliten.

Panliti sajrone nglumpukake dhata luwih akeh gumantung marang awakedhewe minangka piranti nglumpukake dhewe, (Moleong, 2012:19). Dene instrumen panyengkuyung sajrone panliten iki yaiku piranti sing bisa nyengkuyung kanggo nglumpukake dhata. Piranti kasebut yaiku piranti kanggo nulis lan ngetig, saliyané iku uga nggunakake *Handphone* (HP) kanggo golek dhata sajrone Youtube mligine ana iing kolom komentare.

3.2 Tata Carane Panliten

Tata cara sajrone panliten iki kaperang dadi telu, yaiku (1) tata cara nglumpukake dhata, (2) tata cara njlentrehake dhata, lan (3) tata cara nyuguhake asil jlentrehan dhata. Bab iki bakal diandharake ing ngisor iki.

3.3.1 Tata Cara Nglumpukake Dhata

Tatacara sing digunakake kanggo nglumpukake dhata sajrone panliten iki yaiku nganggo metode dokumentasi.

Dokumentasi minangka teknik nglumpukake dhata dening panliti kanthi cara nglumpukake dokumen saka sumber sing dipercaya yaiku *screenshot* utawa njupuk gambar langsung saka *Handphone* (HP) utawa *laptop* lan dokumene awujud pacaturan sing ana ing medhia sosial kasebut (*Youtube*).

Dokumentasi sajrone panliten iki ditindakake nalika panliti nglumpukake bukti dhata saka pacaturan ing kolom komentar konten Youtube “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak kanthi cara *screenshot*. *Screenshot* yaiku sawijine gambar sing dijupuk dening komputer utawa *handphone* (HP) kanggo ngrekam tampilan sing katon ana ing layar utawa piranti visual liyane (kapetik saka https://id.m.wikipedia.org/wiki/Cuplikan_layar). Banjur, dhata sing wis diolahke pungkasané bakal dijlentrehake kanthi cara dheskriptif. Tata cara kanggo *screenshot* iki dhewe, wiwitane nyepakake *handphone* (HP) utawa komputer sing ana. Banjur buka apa sing bakale *discreenshot*, tuladhane *komentar Youtube*. Sabanjure, umume dipijet bageyan kanggo nyilikake

suara lan mateni HP, sawise iku bakal nycreenshoot lan komentar sing ana mau bakale dadi arupa sawijine gambar utawa foto. Ananging, saben prangkat HP utawa computer carane njupuk gambar utawa *screenshoot* iku mau beda-beda.

Rampung anggone *screenshoot*, dhata sing wis ana iki dipilah-pilah dening panliti. Jalaran sajrone kolom komentar sing dadi sumber dhata panliten iki, ora kabeh kolom kolom komentar utawa dhata sing ana nganggo basa Jawa, ana sing nganggo basa Indonesia. Kolom komentar sing nganggo basa Indonesia iki cacahé kurang luwih lima nganti sepuluh persen wae. Panliti dadi menahi watesan ora ngatutake komentar sing nganggo basa Indonesia dadi dhata panliten. Namung komentar sing nganggo basa Jawa, sing dikatutake dadi dhata panliten. Panliti mung njupuk komentar sing nganggo basa Jawa wae kanggo didadekake dhata panliten jalaran jumbuh kalawan apa sing dadi jurusan sekolahe panliti, yaiku Jurusan Pendhidhikan Basa Dhaerah.

3.3.2 Tata Cara Njlentrehake Dhata

Njlentrehake dhata dilakoni sawise kabeh dhata wis dikumpulake lan ditata kanthi sistematis. Saben dhata bakal dijlentrehake siji mbaka siji dhata kasebut kanthi cara maca dhata. Dhata sing wis diklumpukake saka sajrone kolom komentar konten *Youtube* “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak kasebut diwaca kanthi tliti lan dipahami sakabehe dhata kapilih sing ana. Banjur dijlentrehake inti saka ukara sing ana ing kolom komentar kasebut. Sawise kajlentrehake, banjur dijupuk dudutan saka asil jlentrehan kasebut. Sawise klakon kabeh iku mau, asil saka jlentrehan dhata kasebut dilapurake.

3.3.3 Tata Cara Nyuguhake Dhata

Tata cara nyuguhake asil jlentrehan dhata panliten ngenani *Maksim kecocogan lan maksim kasimpatian sajrone Kolom Komentar Konten Youtube “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak* iki diandharake kanthi susunan sing sistematis kaya ing ngisor iki:

- (1) Bab I: bab iki ngandharake ngenani purwakane panliten. Sajrone purwaka nyethakake saperangan bageyan-bageyan. Bageyan sajrone purwaka kasebut yaiku landhesan panliten, underane panliten, ancas panliten, paedah panliten, wewatesane panliten, lan tegese tetembungan sing digunakake ing sajrone panliten.
- (2) Bab II: bab iki ngandharake ngenani titingan kapustakan saka panliten kasebut. Sajrone titingan kapustakan iki nduweni saperangan bageyan-bageyan. Bageyan saka titingan panliten kasebut yaiku panliten sadurunge sing saemper lan maneka

werna teori sing sesambungan ing panliten lan lelandhesan teori.

- (3) Bab III: bab iki ngandharake ngenani metodhe panliten. Sajrone metodhe panliten iki nduweni bageyan-bageyan sing nyengkuyung jlentrehan saka anane panliten kasebut. Bageyan saka metodhe panliten iki yaiku ancangan panliten, dhata lan sumber dhata, instrumen panliten, tata cara ngumpulake dhata, tata cara njlentrehake dhata, lan tata cara nulis dhata saka panliten iki.
- (4) Bab IV: bab iki ngandharake ngenani andharan saka panliten. Asil saka jlentrehan dhata kasebut diandharake kanthi cara ndheskripsikake jlentrehan kasebut kanthi menthes lan cetha.
- (5) Bab V: bab iki ngandharake ngenani panutup saka andharan panliten. Isi sajrone bageyan panutup iki yaiku dudutan lan pamrayoga ngenani panliten sing wis dilakoni.

ANDHARAN

4.1 Maksim Kecocogan Basa sajrone Kolom Komentar Konten Youtube “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak

Anane maksim kacocogan basa sajrone komentar konten kasebut nuduhake gandheng cenenge panutur tunggal (Bayu Skak) lumantar konten *youtube*-e lan mitra tutur (bebrayan sing nulis ing kolom komentar) kanggo nuwuhake kacocogan bab sing dirembug. Yen antarane panutur lan mitra tutur padha-padha bisa nuwuhake kacocogan sajrone pacaturan, panutur, lan mitra tutur bisa diarani tumindak sopan/santun. Bab kasebut nuduhake ancane utawa orientasine maksim kacocogan basa sajrone komentar konten *youtube* “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak sing kapethik saka tuturan ing kolom komentar. Ana limang perangan ngenani bab kasebut yaiku maksim kecocogan basa kanthi nuduhake pitutur, maksim kecocogan basa kanthi nuduhake pangajab, maksim kecocogan basa kanthi nuduhake panyengkuyung, maksim kecocogan basa kanthi nuduhake kawruh, lan maksim kecocogan basa kanthi nuduhake panemu sing kajlentrehake ing ngisor iki.

4.1.1 Maksim Kecocogan Basa kanthi Nuduhake Pitutur

Maksim kecocogan basa kanthi nuduhake pitutur mujudake prinsip kecocogan tuturan antarane panutur lan mitra tutur kanthi nduweni ancas nuturi. Pitutur dipikolehi saka komentare bebrayan sing ngemu isi awèh piwulang kabecikan, peweling, sarta pamrayoga supaya ora nindakake bab sing ora pantas. Sajrone maksim kecocogan sing nuduhake pitutur iki yen kadeleng

adhedhasar isi pituture, pitutur nduweni rong perangan yaiku pitutur babagan budaya Jawa lan pitutur babagan jati dirine wong Jawa. Perangan iki saka analisis dhata, banjur didudut isi tuturan sing ana sajrone analisis dhata kasebut. Bab kasebut kabukten kaya tuladha dhata ing ngisor iki.

4.1.1.1 Nuduhake Pitutur Babagan Budaya Jawa

Panuduh ngenani pitutur yen kadeleng adhedhasar isi tuturane pawongan ing kolom komentar konten *youtube* “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak nuduhake pitutur isine ngenani budaya Jawa. Salah siji pawongan nuturi kanthi menahi objek tuturan babagan budaya Jawa. Tuladhane tuturan kanthi nuduhake pitutur babagan budaya Jawa kasebut kaya ing ngisor iki.

- (1) “Ojok lali karo kebudayaanmu mergane tanpa budaya, negara gak isa dadi apa-apa.” (Vicky Rolando)

Konteks saka tuturan kasebut bisa dideleng saka kahanan budaya Jawa ing wayah iku dirasakake dening panutur isih kurang digatekake dening pawongan Jawa dhewe. Dheweke ngerasa budaya Jawa akeh diasorake merga pawongan Jawa dhewe wis kurang wigatine marang budayane dhewe, akeh sing wis lali, mula dheweke nganggep menawa wong-wong Jawa wis lali Jawane, ateges negara ya ora bakal dadi apa-apa, merga sejatine idhentitas negara ya tuwuh saka suku-sukune. Adhedhasar saka gambaran kahanan kasebut, panutur menahi pitutur kaya mangkono sajrone tuturan komentare.

Andharan dhata (1) nuduhake anane maksim kecocogan basa kanthi nuduhake pitutur babagan budaya Jawa. Komentar sing diandharake dening Vicky Rolando iki mujudake panemu mitra tutur kanthi nuduhake sarujuk marang tuturane Bayu Skak. Mitra tutur nduweni wujud pitutur kadeleng saka tuturan “Ojok lali karo kebudayaanmu mergane tanpa budaya, negara gak isa dadi apa-apa.” sing nduweni teges yen mitra tutur menahi pitutur lan nganggep wong Indonesia, mligine wong Jawa kudu eling marang kabudayan sing ana ing saben daerah. Amarga yen kabudayan iki ilang utawa luntur bisa wae dianggep yen negara iki ora nduweni apa-apa (jati dirine ilang). Panutur nganggep yen budaya iku salah siji gambaran utawa simbol jati dirine bangsa. Pitutur iki kalebu pitutur sing dirembug ing kene ngandhut pitutur ngenani budaya Jawa yaiku njlentrehake yen kita aja nganti lali karo budaya, mligine karo budaya Jawa. Panganggep saka tuturan kasebut, negara ora bakal dadi apa-apa tanpa anane kabudayan kasebut.

4.1.2 Maksim Kecocogan Basa kanthi Nuduhake Pangajap

Maksim kecocogan basa kanthi nuduhake pangajap mujudake prinsip kecocogan tuturan antarane panutur lan mitra tutur kanthi nduweni ancas ngajap utawa pangareparep. Pangajap dipikolehi saka komentar sing ngemu isi aweh pangareparep utawa dipujekake supaya sing diajap bisa kasembadan. Bab kasebut kabukten kaya tuladha dhata ing ngisor iki.

- (10) “Mugi-mugi lancar Mas Bay rejekine Sampeyan” (Rivo Adhitya)

Dhata (10) nuduhake anane maksim kecocogan basa kanthi nuduhake pangajap. Komentar sing diandharake dening Rivo Adhitya iki mujudake panemu mitra tutur kanthi nuduhake pangareparep marang tuturane Bayu Skak. Mitra tutur nduweni wujud pangajap kadeleng saka tuturan “Mugi-mugi lancar Mas Bay rejekine Sampeyan” sing nduweni teges yen mitra tutur menahi pangareparep utawa mujekake panutur (Bayu Skak) supaya kalimpahan rejeki sing lancar.

4.1.3 Maksim Kecocogan Basa kanthi Nuduhake Panyengkuyung

Maksim kecocogan basa kanthi nuduhake panyengkuyung mujudake prinsip kecocogan tuturan antarane panutur lan mitra tutur kanthi nduweni ancas nyengkuyung utawa menahi panjurung. Bab sing disengkuyung yaiku ngenani tumindak becik, uga sumbang sih rasa handarbeni melu ngugemi ajining samubarang. Panyengkuyung dhewe bisa kaperang dadi telung perangan, kadeleng saka adhedhasar ancane utawa *orientasine*. Bab kasebut kabukten kaya tuladha dhata ing ngisor iki.

4.1.3.1 Nuduhake Panyengkuyung Awujud Kawigaten

Wujud panyengkuyung adhedhasar ancane sing pisanan iki yaiku kawigaten. Kawigaten neng kene iki tegese kawigatene mitra tutur marang apa sing diandharake dening Bayu Skak sing ana sajrone *konten Youtube* “Aku Wong Jawa”. Kawigaten iki tinulis ana ing kolom komentar *konten Youtube*. Tuladhane kaya sing ana ing ngisor iki.

- (12) “Mas Bay, aku support sampeyan 100%, Mas. Aku lair neng Jawa, gedhe neng Jawa, aku wong Jawa.” (Chevalier Davon)

Andharan dhata (12) nuduhake anane maksim kecocogan basa kanthi nuduhake panyengkuyung awujud

kawigaten. Komentar sing diandharake dening Chevalier Davon iki mujudake panemu mitra tutur kanthi nuduhake sarujuk marang tuturane Bayu Skak. Mitra tutur nduweni wujud panyengkuyung kadeleng saka tuturan “Mas Bay, aku support sampeyan 100%, Mas. Aku lair neng Jawa, gedhe neng Jawa, aku wong Jawa.” sing nduweni teges yaiku mitra tutur bener-bener menahi panyengkuyung *full* marang apa sing dilakokake Bayu Skak jalaran dheweke seneng klawan apa sing dilakoni Bayu Skak lan dheweke rumangsa padha-padha wong jawane kayata Bayu Skak sing asli wong Jawa katitik saka tembung “aku wong Jawa” sing ditulis mitra tutur. Tuturan iki nuduhake panyengkuyung awujud kawigaten. Jalaran, sajrone tuturan kasebut ana bageyan sing dianggep nuduhake kawigatene Chevalier Davon yaiku “Mas Bay, aku support sampeyan 100%”. Iki negesake yen Chevalier Davon tumemen anggane menahi kawigaten marang Bayu Skak.

4.1.4 Maksim Kecocogan Basa kanthi Nuduhake Kawruh

Maksim kecocogan basa kanthi nuduhake kawruh mujudake prinsip kecocogan tuturan antarane panutur lan mitra tutur kanthi ngemu kawruh utawa seserepan. Yen dititik saka sakabehane bab sing dirembug nduweni kautaman utawa seserepan miturut panemune bebrayan sing nulis komentar. Kawruh sing dirembug sajrone komentar-komentar minangka dhata bisa diperang adhedhasar strategine utawa carane nuduhake kawruh. Ana rong perangan sajrone nuduhake kawruh adhedhasar carane. Bab kasebut diandharake ing ngisor iki.

4.1.4.1 Nuduhake Kawruh Kanthi Cara Blaka

Nuduhake kawruh kanthi cara blaka mujudake carane panutur ngandharake sawijine kawruh kanthi cara langsung, cetha, lan tinerang. Kanthi cara blaka, panutur langsung nuduhake babagan kawruh sing *informatif* ngenani wong Jawa ing komentare. Cara kasebut luwih gampang dititiki kanggo nemtokake maksim kecocogan sing dumadi. Tuladha dhata-dhata sing nuduhake kawruh kanthi cara blaka dijlentrehake kaya ing ngisor iki.

(44) “Kula tiyang jawa, dialusi nggih ngerti, dikasari nggih wani” (Mamad Buto)

Dhata (44) nuduhake anane maksim kecocogan basa kanthi nuduhake kawruh. Komentar sing diandharake dening Mamad Buto iki mujudake panemune panutur kanthi nuduhake kawruh utawa seserepan marang tuturane Bayu Skak. Panutur medharake sawijine kawruh kadeleng saka tuturan “Kula tiyang jawa, dialusi nggih ngerti, dikasari nggih wani” sing nduweni teges yen

panutur menahi weruh lumantar komentar kasebut kanthi cara blaka. Panutur kanthi cara blaka nuduhake yen kawruh sing bisa didudut sajrone tuturan ing dhata yaiku minangka wong Jawa iku bisa tepa slira marang kahanan lan sadhengah papan. Utamane ing pasrawungan wong Jawa iku bisa nylarasake tumindake. Yen ditanggepi kanthi alus, wong Jawa nanggèpi kanthi alus uga, suwalike yen ditanggepi kasar wong Jawa ora rangu-rangu kanggo wani. Iku uga nuduhake wewatekane wong Jawa minangka kawruh sistem kabudayan.

4.1.5 Maksim Kecocogan Basa kanthi Nuduhake Panemu

Maksim kecocogan basa kanthi nuduhake panemu mujudake prinsip kecocogan tuturan antarane panutur lan mitra tutur kanthi ngemu panemu utawa pamanggihe bebrayan. Panemu kasebut mujudake oleh-olehane nggagas utawa angen-angene bebrayan ngenani bab sing dirembug. Panemu iki bisa diperang adhedhasar carane ngandharake panemune kasebut yaiku kanthi cara kasar, kanthi cara alus, lan kanthi cara samudana. Perangan iki kapilih adhedhasar jlentrehan saka dhata sing dianalisis. Dhata sing dianalisis banjur didudut adhedhasar carane ngandharake panemune, saengga kapilih telung perangan carane ngamndharake panemu kasebut. Bab kasebut kabukten kaya tuladha dhata ing ngisor iki.

4.1.5.1 Nuduhake Panemu Kanthi Cara Kasar

Panuduh ngenani panemu yen kadeleng adhedhasar carane pawongan nuturake panemu ing kolom komentar konten *youtube* “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak nuduhake panemu sing diandharake kanthi cara kasar. Maksud saka cara kasar ing kene kadeleng saka tembung utawa teges tetembungan sing dianggo dening panulis sing ditujokake marang liyane. Tuladhane tuturan kanthi nuduhake panemu kanthi cara kasar kasebut kaya ing ngisor iki.

(53) “Wong sing ngelek-ngelek Jawa kuwi sing goblok” (Andromeda Susanto)

Andharan dhata (53) nuduhake anane wujud maksim kecocogan kanthi nuduhake panemu kanthi cara kasar amarga panutur yaiku Andromeda Susanto ngrasa sarujuk marang panemu utawa bab apa kang dirasakake dening Bayu Skak menawa Wong Jawa disepelake dening pawongan liyane. Banjur panutur uga nuturake panemune menawa “wong sing ngelek-ngelek Jawa kuwi sing goblok”. Tuturan iki kalebu panemu sing diandharake kanthi cara kasar jalaran ing tuturan kasebut ana tembung “goblok” sing nduweni teges sipate

menungsa sing ora nduweni kapinteran utawa nduwe kapinteran nanging mung sithik kapinterane.

4.2 Maksim Kasimpatian Basa sajrone Kolom Komentar Konten Youtube “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak

Maksim kasimpatian basa sajrone komentar nduweni prinsip kabasan sing dituturake kanthi tuturan asertif lan ekspesif. Maksim kasimpatian, dikarepake supaya panutur lan mitra tutur bisa ngundhakake sikap simpati antarane wong siji lan sijine. Yen mitra tutur antuk kabagyan utawa rasa sing dikarepake bisa jangkep, paanutur wajib menahi atur pambagya. Yen mitra tutur antuk kasusahan, utawa musibah panutur prayogane ngaturake bela sungkawa minangka tandha kasimpatian. Suwalike sikap antipati utawa nampik rasa ora seneng tumrap salah siji (panutur/mitra tutur) bakal dianggep tumindak ora santun. Bab kasebut nuduhake anane orientasi maksim kacocogan basa sajrone komentar konten youtube “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak sing kapethik saka tuturan ing kolom komentar. Orientasi sing dituwuhake yaiku ngenani bab rasa pangrasa antarane panutur lan mitra tutur. Rasa sing dituwuhake dumadi saka dununge isi komentar bebrayan ing konten kasebut. Panjlentrehane dhata ana nem perangan ngenani bab kasebut, kajlentrehake ing ngisor iki.

4.2.1 Maksim Kasimpatian Basa Kanthi Nuduhake Rasa Trenyuh

Maksim kasimpatian basa kanthi nuduhake rasa trenyuh mujudake prinsip kabasan sing dununge nuwuhake rasa kakenan ing ati. Rasa kasebut bisa tuwuh amerga nanggepi samubarang utawa kahanan sing dumadi. Bab kasebut kabukten kaya tuladha dhata ing ngisor iki. Rasa trenyuh iki bisa diperang adhedhasar wujud dunungane rasa nalika ngrasakake rasa trenyuh kasebut yaiku trenyuh nganti welas asih, trenyuh nganti mrindhing, lan trenyuh nganti ndhrodhog. Perangan iki kapilih adhedhasar jlentrehan saka dhata sing dianalisis. Dhata sing dianalisis banjur didudut adhedhasar wujud dunungane rasa nalika ngrasakake rasa trenyuh, saengga kapilih telung perangan carane ngandharake rasa trenyuh kasebut. Bab kasebut kabukten kaya tuladha dhata ing ngisor iki.

4.2.1.1 Nuduhake Rasa Trenyuh Nganti Welas

Panuduh ngenani rasa trenyuh yen kadeleng adhedhasar wujud dunungane rasa nalika ngrasakake rasa trenyuh ing kolom komentar konten youtube “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak nuduhake rasa trenyuh sing diandharake nganti ngrasa welas. Welas sing dikarepake

ing kene yaiku rasa (kadunungan rasa) mesakna marang kahanan utawa kedaden sing ditindakake dening wong liya. Rasa welas iki tuwuh nalika pawongan kasebut wis mari nonton konten youtube kasebut minangka wujud panguntabane rasa wong sing ndeleng konten youtube kasebut.

(67) “Terharu tenan aku, Mas Bayu, sukses terus gawe wong Jawa. Jawa iku nduwe karya nduwe jati diri. Wong Jawa gak isa diremehna merga wong Jawa iku wong-wong hebat, wong-wong nduwe adab lan martabat, dudu wong sing edan pangkat.” (Shyma Arvilya)

Andharan dhata (67) nuduhake anane maksim kasimpatian basa kanthi nuduhake rasa trenyuh nganti welas. Komentar sing diandharake dening Shyma Arvilya iki mujudake panemu mitra tutur kanthi nuduhake sarujuk lan nguntabake rasa trenyuh marang tuturane Bayu Skak. Mitra tutur nduweni wujud rasa trenyuh kadeleng saka tuturan “Terharu tenan aku, Mas Bayu” sing nduweni teges yen mitra tutur nguntabake rasa trenyuh ing atine. Rasa trenyuh sing diuntabake iki jalan mitra tutur wis mari ndeleng video kasebut. Dheweke uga menahi panyungkuyung marang apa sing ditindakake dening Mas Bayu. Supaya karya kaya konten youtube ngene iki bisa luwih apik lan ndadekake wong Jawa luwih sadhar marang kahanan budaya Jawa. Yen sejati wong Jawa iku ora bisa disepelekake, jalaran wong Jawa nduweni adat lan martabat. Tuturan iki kalebu rasa trenyuh nganti welas, jalaran panutur ngandharake langsung ing kolom komentar kasebut yaiku “Terharu tenan aku, Mas Bayu”. Tembung ‘terharu’ ing tuturan kasebut kalebu ing panguntabe rasa welas.

4.2.2 Maksim Kasimpatian Basa Kanthi Nuduhake Rasa Seneng

Maksim kasimpatian basa kanthi nuduhake rasa seneng mujudake prinsip kabasan sing dununge nuwuhake rasa bungah ing ati. Rasa kasebut bisa tuwuh amerga nanggepi samubarang utawa kahanan sing dumadi bisa kaya sing karepake. Nuduhake rasa seneng sajrone dhata maksim kasimpatian iki bisa diperang dadi loro. Anane rong perangan mau, dumadi adhedhasar orientasi utawa tujuwane. Ditemokake dhata sing nuduhake anane rasa seneng marang karya (asil) lan upaya (proses) sing ditindakake dening Bayu Skak. Luwih cethane, dijlentrehake kaya ing ngisor iki.

4.2.2.1 Nuduhake Rasa Seneng Marang Asil utawa Karya

Nuduhake rasa seneng marang asil utawa karyane pawongan mujudake rasa kagum, bungah, lan sengsem marang asil sing diripta dening pawongan kasebut (Bayu Skak). Anane rasa seneng marang asil utawa karya nuduhake pangrasane manungsa tumrap endahan uga kaelokan sawijine karya. Apa maneh karya sing diripta dening pawongan bisa ndadekake sawijine panjurung (wujud kasimpatian) tumrap liyan. Bab kasebut lumrahe antuk pangaji-aji saka lingkungan lan bebrayan sakupenge. Tuladhane kaya dhata-dhata sing wis kapilih ing ngisor iki.

(82) “Sepurane, Mas, lagi ndelok videomu..haha. pendapatku ngene, Mas, taapresiasi anggonmu njunjung dhuwur kabudayan Jawa, taacungi jempol loro, Mas. Soal Jawa dielek-elek ora perlu kuwatir, Mas, ndunya wis mbuktekna yen peradaban Jawa iku hebat, conto nduwe aksara Jawa lan iku marai aku bangga.” (Ceje-Dewe)

Andharan dhata (82) nuduhake anane maksim kasimpatian basa kanthi nuduhake rasa seneng amarga panutur yaiku Ceje-Dewe melu ngrasakake bungah, bombong lan kagum marang karyane Bayu Skak. Komentar sing diandharake bisa kadeleng ing tuturan “Sepurane, Mas, lagi ndelok videomu..haha. pendapatku ngene, Mas, taapresiasi anggonmu njunjung dhuwur kabudayan Jawa, taacungi jempol loro, Mas. Soal Jawa dielek-elek ora perlu kuwatir, Mas, ndunya wis mbuktekna yen peradaban Jawa iku hebat, conto nduwe aksara Jawa lan iku marai aku bangga”. Tuturan kasebut nuduhake pangaji-ajine panutur marang Bayu Skak lan karyane. Panutur melu bungah amarga isih ana wong sing wigati lan gelem nglestarekake anane kabudayan Jawa. Panutur uga nyuntak rasa bombonge kanthi medharake bukti anane kabudayan Jawa sing wis diakoni donya, yaiku arupa aksara Jawa. Bab kasebut nuduhake prinsip kasimpatian marang bab sing diwedharake dening Bayu Skak.

4.2.3 Maksim Kasimpatian Basa Kanthi Nuduhake Rasa Mangkel

Maksim kasimpatian basa kanthi nuduhake rasa mangkel mujudake prinsip kabasan sing dununge nuwuhake rasa pegel. Rasa kasebut bisa tuwuh amerga nanggepi samubarang utawa kahanan sing dumadi sing ora trep karo panemu utawa angen-angen sing semesthine. Rasa mangkel uga nuduhake rasa kuciwane ati. Bab kasebut kabukten kaya tuladha dhata ing ngisor iki.

(92) “Mungkin iri isane mung rendahkan, semangat, Rek, akupun ra trimah suku Jawa dielek-eleki.” (Ikpam Q)

Andharan dhata (92) nuduhake anane maksim kasimpatian basa kanthi nuduhake rasa mangkel amarga panutur yaiku Ikpam Q melu ngrasakake anyel marang panemu utawa bab sing dirasakake dening Bayu Skak minangka wong Jawa sing asring dianggep spele dening pawongan liyane. Komentar sing diandharake bisa kadeleng ing tuturan “Mungkin iri isane mung rendahkan, semangat, Rek, akupun ra trimah suku Jawa dielek-eleki”. Tuturan kasebut nuduhake rasa ora trima sing padha kaya Bayu Skak. Bab kasebut ndadekake panutur melu nyuntak rasa mangkele kanggo medharake kasimpatian marang bab sing dirasakake dening Bayu Skak.

4.2.4 Maksim Kasimpatian Basa Kanthi Nuduhake Rasa Sedhah.

Maksim kasimpatian basa kanthi nuduhake rasa sedhah mujudake prinsip kabasan sing dununge nuwuhake rasa susah amerga atine kelaran utawa kuciwa. Rasa kasebut bisa tuwuh amerga nanggepi samubarang utawa kahanan sing dumadi. Upamane rasa sedhah iku dirasakake dening wong sing ngerti pawongan liya nandang kahanan susah banget kanthi angel golek pitulungan. Dheweke uga kaya-kaya melu ngrasakake kahanan kasebut. Dheweke angen-angen uga yen nandang kahanan susah. Bab kasebut kabukten kaya tuladha dhata ing ngisor iki.

(102) “Seka awal tekan akhir aku nonton videomu, aku merinding, sedhah, ngapa ya ana wong sing menjelekan budaya Jawa. Semangat terus Mas Bay, dengan karya-karyamu, ra sah ngrungokne pemikiran wong sing ra nduwe etika ngono kuwi.” (Putu Bahagiana)

Andharan dhata (102) nuduhake anane maksim kasimpatian basa kanthi nuduhake rasa sedhah. Komentar sing diandharake dening Putu Bahagiana iki mujudake pananggep kanthi rasa sedhah mitra tutur marang tuturane Bayu Skak. Mitra tutur nduweni pananggep kanthi rasa sedhah kadeleng saka tuturan “Seka awal tekan akhir aku nonton videomu, aku merinding, sedhah, ngapa ya ana wong sing menjelekan budaya Jawa. Semangat terus Mas Bay, dengan karya-karyamu, ra sah ngrungokne pemikiran wong sing ra nduwe etika ngono kuwi” sing nduweni teges yen mitra tutur melu prihatin utawa sedhah. Dheweke kaya-kaya melu ngrasakake kahanane pananggape bebrayan sing durung njarwani Jawa kaya ngapa. Mitra tutur nyuntak rasa sedhah kanthi

cetha katutur ing basa tulise. Mitra tutur ngerti kepriye prosese panutur kanggo ngangkat idhentitase Jawa supaya bebrayan bisa ngerti lan sukur-sukur bisa nyinaoni warisan saka leluhur sing adi luhung iki.

PANUTUP

5.1 Dudutan

Maksim kecocogan lan maksim kasimpatian sajrone kolom komentar *konten youtube* “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak. Salah sawijine *konten video Youtube* sing nduweni judhul “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak ngandhut komentar utawa panemu sing maneka warna. Ana sing awujud positip lan negatip. Panemu-panemu sing awujud positip iki sing bisa mujudake maksim kesopanan. Panliten iki ngandharake kepriye wujud lan fungsi maksim kecocogan lan maksim kasimpatian basa sajrone kolom komentar *konten youtube* “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak. Lelandhesan teori sing digunakake sajrone panliten iki yaiku teori maksim kasopanan Leech. Leech ngandharake yen kasopanan iki dibage dadi nem jinis maksim, maksim *kebijaksanaan* (*tact maxim*), maksim *kedermawanan* (*generosity maxim*), maksim *pujian* (*approbation maxim*), maksim *kerendahan hati* (*modesty maxim*), maksim *kesepakatan* (*agreement maxim*), dan maksim *kesimpatian* (*sympathy maxim*). Panliten iki adhedhasar jinise panliten nganggo metodhe panliten dheskriptif kualitatif. Metodhe iki dipilih amarga metodhe kasebut cundhuk karo panliten iki. Wujud panliten iki arupa dheskripsi utawa jlentrehan lan ora ana angka-angka sajrone andharan lan jlentrehan dhata. Adhedhasar sipat panliten, panliten iki kasebut sipat linguistik sinkronis. Studi linguistik sinkronik iki bisa uga sinebut minangka linguistik dheskriptif, amarga ngupaya ndeskripsikake basa kanthi apa anane ing wayah tartamtu. Mula saka kuwi sinkronis iki bisa arupa dheskriptif. Sajrone metodhe iki, ana telung cara sing ditindakake yaiku nyepakake dhata, nganalisis dhata, lan nyuguhake dhata.

Saka jlentrehan saben perangan ing maksim kecocogan lan kasimpatian sajrone komentar konten *youtube* “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak bisa didudut yen saben perangan nduweni paugeran sing dadi titikan mbedakake saben maksim sing ana. Paugeran iki kadudut saka maneka tuladha utawa dhata ing panliten iki. Dhata sing ana dianalisis kanthi teori sing kapilih, saengga nuwuhake paugeran saben maksim.

Sepisan, adhedhasar jlentrehan ing ndhuwur, maksim kecocogan nduweni titikan yaiku anane tumindak utawa kahanan sing nyethakake pasarujukan antarane panutur lan mitra tutur saka rerembungan sing diandharake. Kabeh dhata sing kalebu maksim kecocogan nuduhake tumindak utawa kahanan sing nyethakake

sarujuk. Kabeh panutur lan mitra tutur sarujuk marang apa sing diandharake ing konten *youtube* “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak. Pasarujukan iki ana sing ngandharake kanthi cara langsung ing komentar konten *youtube* kasebut. Saliyane iku, ana uga sing ngandharake kanthi cara implisit utawa sumirat ing komentare panutur utawa mitra tutur. Saliyane ngandharake pasarujukan, saperangan panutur utawa mitra tutur menahi panyengkuyung awujud moral lan semangat kanggo Bayu Skak. Saliyane panyengkuyung, ana uga sing menahi wawasan utawa kawruh marang apa sing dingerteni panutur utawa mitra tutur babagan ngelmu Jawa utawa jati dirine wong Jawa. Adhedhasar jlentrehan maksim kecocogan sing ana ing jlentrehan kasebut sing paling akeh yaiku anane maksim kecocogan sing nuduhake panyengkuyung awujud kawigaten marang apa sing ditindakake dening Bayu Skak.

Kaloro, adhedhasar jlentrehan analisis dhata ing ndhuwur, maksim kasimpatian nduweni titikan yaiku anane tumindak, kahanan, utawa andharane panutur utawa mitra tutur ngandhut rasa sing dirasakake. Tuladhane rasa seneng, mangkel, trenyuh, lan liya-liyane. Anane pangrasa iki kawujud nalika panutur utawa mitra tutur ndeleng konten *youtube* “Aku Wong Jawa”. Banjur dheweke nuwuhake ekspresi diri awujud maneka pangrasa sing dirasakake. Saka pangrasa iku uga nuwuhake kahanan sing liyane, kayata rasa mrindhing, nelangsa, lan liya-liyane. Adhedhasar jlentrehan maksim kasimpatian sing ana ing jlentrehan kasebut sing paling akeh yaiku anane maksim kasimpatian sing nuduhake rasa trenyuh nganti welas marang apa sing ditindakake dening Bayu Skak.

5.1 PAMRAYOGA

Panliten ngenani maksim kecocogan lan maksim kasimpatian sajrone kolom komentar *konten youtube* “Aku Wong Jawa” dening Bayu Skak isih nduweni saperangan kekurangan sing isih adoh saka tembung sempurna. Sajrone panliten ngenani maksim iki, minangka asil analisis sing diandharake lan dijlentrehake dening panulis. Panulis ngajab marang panliti liyane kanggo nliti perkara sing beda kanthi maneka teori sing luwih trep lan luwih mligi, saengga panliti ngenani basa iki bisa luwih apik tur inovatif maneh. Mula saka iku, panliten iki isih perlu dirembakakake luwih jangkep lan luwih sempurna.

KAPUSTAKAN

Achmad, lan Abdullah, Alek. 2012. *Linguistik Umum*. Jakarta: Erlangga.

- Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Basir, Udjang Pr. 2014. *Keterampilan Menulis*. Surabaya: Bintang.
- Chaer, Abdul. 2003. *Linguistik Umum*. Jakarta : PT Rineka Cipta
- Chaer, Abdul dan Leonie Agustina. 2010. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Christina, Bertha Dwi. 2019. *Maksim Pangalembana Lan Maksim Anorruga Sajrone Film "Yowis Ben"*. Skripsi: Universitas Negeri Surabaya.
- Djajasudarma, T. Fatimah. 1993. *Metode Linguistik: Ancangan Metode Penelitian dan Kajian*. Bandung: PT Eresco.
- Leech, Geoffrey. 1993. *Prinsip-Prinsip Pragmatik*. (Terjemahan MDD Oka). Jakarta: Indonesia University Press.
- Leech, Geoffrey. 2011. *Prinsip-Prinsip Pragmatik*. Jakarta: Universitas Indonesia.
- Levinson, Stephen C. 1983. *Pragmatic*. London: Cambridge University Press.
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: PT RajaGrafindo Persada.
- Moleong, Lexy J. 2012. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Muhammad, Arni. 2004. *Komunikasi Organisasi*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana: Teori, Metode, & Aplikasi Prinsip-Prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Nadir, F.X. 2009. *Pragmatik dan Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Pramatanti, Enggar Dhian. 2017. *Kesantunan Berbahasa Dalam Pesan Whatsapp Mahasiswa Yang Ditujukan Kepada Dosen*. Skripsi: Universitas Negeri Semarang.
- Rinjanika, Eko Janti. 2006. *Kesantunan Berbahasa Dalam Percakapan Remaja Surabaya Dalam Komunikasi Informal*. Skripsi: Universitas Negeri Surabaya.
- Solehudin. 2009. *Handbook Sosiolinguistik*. Universitas Pendidikan Indonesia.
- Solikah, Mar'atus. 2019. *Maksim Kecocogan Lan Maksim Kasimpaten Sajrone Medhia Sosial Whatsapp Grup Klas Hercules 2015C Taun 2018*. Skripsi: Universitas Negeri Surabaya.
- Sugiyono. 2009. *Metode Penelitian Pendidikan Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R@D*. Bandung: Alfabeta.
- Suryabrata, Sumadi. 1995. *Metodologi Penelitian*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Suryabrata, Sumadi. 2014. *Metodologi Penelitian*. Jakarta: Rajawali Pers.
- Tarigan, H.G. 1990. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa.
- Widi, Restu Kartiko. 2010. *Asas Metodologi Penelitian: Sebuah Pengenalan dan Penuntun Langkah demi Langkah Pelaksanaan Penelitian*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Wakaimbang, Hendri. 2016. *Kesantunan Berbahasa Dalam Grup Facebook Forum Bahasa Indonesia Pada Mahasiswa Prodi Pendidikan Bahasa Dan Sastra Indonesia Fkip Unila Angkatan 2013 Dan Implikasinya Terhadap Pembelajaran Bahasa Indonesia Di SMA*. Skripsi: Universitas Lampung.
- Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi.
- Yule, George. 2006. *Pragmatik* (kajarwakake dening Indah Fajar Wahyuni). Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Online :**
https://id.m.wikipedia.org/wiki/Cuplikan_layar.
https://id.wikipedia.org/wiki/Kesantunan_berbahasa_1_Juli_2019.
<https://id.wikipedia.org/wiki/Konten>.
<https://kbbi.web.id/komentar> .
<https://id.wikipedia.org/wiki/YouTube>.
<https://littlestoriesoflanguages.wordpress.com/2012/05/16/prinsip-kesopanan-politeness-principles/>.
<https://ptkomunikasi.wordpress.com/2012/06/11/pengertian-media-sosial-peran-serta-fungsinya/>.
<https://www.artikelsiana.com/2017/09/pengertian-media-sosial-fungsi.html#> .
Surana, I Dewa Putu Wijana, S. U. M. A., & Poedjosoedarmo, S. (2015). *Variasi Bahasa dalam Stiker Humor* (Doctoral dissertation, Universitas Gadjah Mada).(online). (http://etd.repository.ugm.ac.id/index.php?mod=boox_detail&sub=BooxDetail&act=view&ty p=html&id=87892&obyek_id=4&uni tid=&jenis_id=kaakses 10 September 2019).